# Lépp luy màndiloo dafa araam.

Jële nañu ci Abii Burdata, mu jële ci baayam Abii Muusaa Al-Asharii yal na ko Yàlla dollee gërëm: Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc da ko a yónni Yaman, mu laaj ay xeeti naan yu ñu fay defar, mu ne ko: yan la?, mu ne ko: "Al-Bithu, ak Al-Misru", ñu ne Abuu Burdata: lan mooy Al-Bithu? Mu ne: Siwu lem, Al-Misru: mooy Siwu Bele, mu wax ne: lépp luy màndiloo dafa araam" Al-Buxaarii génne na ko. Muslim it génne na ko, ay baatam mooy: nee na: Yonente Yàlla bi damaa yónni ca Yaman man ak Muhaas, ma ne ko: yaw Yonente Yàlla bi! Amna ay naan yu ñuy defar ci sunu dëkk bi ñu koy woowe: Al-Misru ñi defare ko Bele, ak naan gu ñuy woowe: Al-Bithu ñu defare ko Lem, mu wax ne: "lépp luy màndiloo dafa araam". Ñëw na ci geneenug nettali ci Muslim: "mu wax ne: lépp luy màndiloo bay teree julli dafa araam". Amaat na it beneenub nettali: "Yonnente Yàlla bi dañu ko a joxoon wax yu dajale yi ci te matale, mu wax ne: tere naa lépp luy màndiloo, di màndiloo wolif julli gi".

[Wér na] [رواه البخاري ومسلم]

Abuu Muusaa Al-Asharii yal na ko Yàlla dollee gërëm day nettali ne Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc da ko a yónni Yaman, mu laaj ko ay xeeti naan yu ñu fay defar ndax dafa araam walla, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daal di leerlu ba xam yan la. Abuu Muusaa yal na ko Yàlla dollee gërëm ne ko: mooy Al-Bithu: Siwu Lem, ak Al-Misru: Siwu Bele. Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko te Yàlla da ko a joxoon wax yu dajale yi: "lépp luy màndiloo dafa araam".

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/66536

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee